Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 45 (7549)
10 ноябрь Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Даимго ракIазулъ хутIила

(РФялъул жанисел органазул хIалтIухъаби ракIалде щвеялъе)




**(Гьал къоязда буго РФялъул жанисел органазул хъулухъалъулал тIадал ишал тIуралаго чIварал хIалтIухъаби ракIалде щвезариялъул Къо)**

ХIурматиял жанисел органазул хIалтIухъаби, Россиялъул МВДялъул войскабазул ветеранал, гьединго хъулухъалъулал ишал тIуралаго хваразул гIага-божарал! Нижеда бичIчIула, лъала гьеб махщел буго ва хутIула бищунго хIинкъи бугезул цояблъун, щибаб къойилго кIудияб хIинкъиялде гъоркье ккола нужер гIумро ва ками ккечIого кинго хутIуларо.

Гьаб гIемерисезе пашманаб Къо нижеца сайгъат гьабулеб буго къварилъи ккаразе, гъваридго зигара бала нилъедаса ратIалъаразул гIагарлъиялда, ракI-ракIалъ бичIчIула нужер ракIбакъвай.

Даимго чIаго хутIаги ракIазулъ ритIухълъиялъе гIоло гIумро кьурал!

**ХIурматгун «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**

## Нухал къачIана



Майданское росулъ рагIалде рахъана жанисан ругел транспорт хьвадулел нухазе капиталияб ремонт гьабун. Гьеб гьабуна «Мой Дагестан, мои дороги» абураб приоритетнияб проекталда рекъон. Аслияб къагIидаялъ хIалтIаби унел рукIана АбулхIасанил ва имам Шамилил къватIахъан.

Гьеб гуребги «сельсовет Майданское» росдал муниципалитеталъул администрациялъги гьелда тIадеги хIалтIаби тIоритIулел руго транспорт хьвадулел нухал рукIине кколедухъ чIезариялъе.

ХIалтIаби гьаризе руго росу тун къватIирехунисел нухал къачIазе мурадалда.

Имам ГъазимухIамад хун – I90 сон

## Имам кIодо гьавураб мажлис







Россиялъул халкъал цолъиялъул Къоялъ Генуб росулъ букIана Дагъистаналъул ва Чачаназул тIоцевесев имам, бусурман гIелмуялъул гIалимчи, теолог ГъазимухIамад кIодо гьавиялде буссараб мажлис. Тадбиралда гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, районалъул депутатазул Собраниялъул пред. М. Юсупов, росабазул бутIрул, учреждениял-организациязул нухмалъулел, райадминистрациялъул отделазул начальникал, гIалимзаби-теологал ХI. МухIамадов, исламалъул гIелмабазул доктор Гъ-М. Абакаров, районалъул имам М. ГIабдулвахIидов ва цогидалги диниял гIадамал, гьалбал.

Тадбиралъул программалде гьоркьоре унаан муниципалитеталъул бетIерасул кIалъай ва гьалбадерил кIалъаял, назмаби, мавлид. Тадбиралъул аслияб бутIа унеб букIана Дагъистаналъул ва Чачаназул тIоцевесев имам ГъазимухIамадил зиярат бугеб бакIалда.

КIудияв имам кIодо гьавиялъул мажлис лъугIана киназго дугIа гьабиялдалъун.

**(Имам ГъазимухIамадил х1акъалъулъ цIале 2 гьумералда)**



2022 соналъул рагъулаб хъулухъ

## Хаслихълъиялъул призыв

2022 соналъул хаслихълъиялъул призыв байбихьана Унсоколо районалда. Гьеб хIасил кьоледухъ иналъе хIаракатаб хIалтIи гьабулеб буго муниципалитеталда гIуцIараб призывалъул комиссиялъ. Гьелъул председательлъун вуго районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов. Комиссиялде гъорлъе уна бетIерасул зам. М. ХIамзатов, районалъул рагъулав комиссарасул ишал тIуралев М. Гъапуров, районалъул централияб больницаялъул бетIерай врач ГI. МухIамадова, Рагъулаб комиссариаталъул медицинаялъул сестра У. ГIабдулаева ва цогидалги.

РакIалде щвезабизин; рагъулаб хъулухъалде хехаб ахIиялъул ахIи байбихьана I ноябралдаса нахъе, гьеб ине буго 3I декабралде щвезегIан. Гьедин гIолохъанал гIадамал I8 ялдаса 27 соналде щвезегIан гIумруялъул санал ругел, сахлъиялъул рахъалъ гьеб ахIиялъе ярагьунел ахIизе руго Россиялъул территориялда хъулухъ гьабизе, Украиналда хасаб операциялда гьел гIахьаллъизе гьечIо.

Хъулухъ гьабилалде призывниказ медосвидетельствование гьабизе буго, хъулухъалъе ярагьунев вугищали. Гьеб гуребги киналго отстрочкаби цIунун хутIула законодательствалда рекъон.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 45 (7549)
Хамиз
10 ноябрь 2022 сон



Дагъистаналда хIалтIулеб буго «Мы Вместе» абураб горячая линия. Гьелъ аслияб къагIидаялъ хIалтIи гьабула Украинаялъул рагъулал ишазде ахIаразе ва гьезул хъизаназе кумекалъе.
Линиялде кIалъазе бегьула гьаб номералдасан **8-989-891-92-92**. Гьеб номералде ахIаразул информация битIизе буго районалда бугеб муниципалияб штабалде. Гьелъул номер буго **8-989-882-04-52**

---

Дагъистаналъул ва Чачаназул тIоцевесев имам

# Генуса имам ГъазимухIамад

**Дагъистаналъул ва Чачаназул тIоцевесев имам ГъазимухIамадил сипат-сурат (образ) халкъалъул фольклоралъулал асаразда дандчIвала гIакъилав цевехъан, жинцаго байбихьараб ишалдаги диналдаги кутакалда божулев чи хIисабалда. Божилъиги ракIчIейги абуни гьесие щвана исламияб диналдасанги, гIумруялда жаниб инсанасул бакIалъул хIакъалъулъ бихьизабиялдасанги.**

ГIурусазул гIалимчи В. А. Поттоца хъвараб биценалда рекъон, муршид Ярагъиялдаса МухIамадица ГъазимухIамад имамлъун лъазавуна ва гъазаваталде байбихьизе изну кьуна. Гьеб бицен-киценалда бихьизабулеб буго ГъазимухIамадица хирияб Къуръан цIалулеб мехалда магIарда тIад тIибитIанила тIабигIаталъул гIадатиял гурел хIикмалъаби – кутакаб гъугъай, кьураби гьаргьади, ракь сороди. Гьединал гIаламатал лъугьине ва тIатине рукIин муршидасда цебеккунго лъалебги букIанила.

Унсоколо росулъ ГъазимухIамад имамлъун вищараб мехалъ халкъалъ цоцахъе кьолеб букIана Ярагъиясул калам: «Бецщазда нух малъулев чилъун гуро нилъер имам вукIине вугев, канлъи бихьулезул бетIерлъун вукIине вуго». Гьелъул магIна ккола ГъазимухIамадида хадур арал гIадамал ругила, Россиялъул генералаз ва политиказ бихьизабухъе, бецщал фанатикал гурел, «канлъи» бихьулел гIадамал, гьезда якъинго рихьулила жидерго мурадалги масъалабиги. Къеркьеялъул гьаб захIматалъул нух гьез тIаса бищанила гIагараб ракьалъул эркенлъиялъе ва чияда рачIолъиялъе гIоло. Гьеб къеркьеялъе чара гьечIого хIажат вукIанила кьадруяв, Дагъистаналъул халкъал цолъизаризе кIолев цевехъан. Гьединав чилъун цеве вахъана ГъазимухIамад.

Тарихалъ ГъазимухIамадие къачIараб бакIалъул, гьес тIаса бищараб нух битIараб букIиналъул хIакъалъулъ бицунеб буго имам ХIоцоса Нажмудинил хабаралдаги: «Гъазават лъазабизе ГъазимухIамад имамас халкъ данде ахIараб мехалъ, гьесда аскIоре рачIана батIи-батIиял росабалъа вакилзаби ва абуна: «Дуда бихьуларищ кигIан кIудияб балагь дуца гIадамазде бачинехъин бугебали? Рагъалъ гъуризе буго нилъер халкъ. Щай нилъее гъазават? Нилъ киданиги капурзабаздаса бергьине гьечIо, гьезулгун гIаммаб мацI батизе ккола».

ГъазимухIамад гьезухъ квешго валагьана ва абуна: «Жакъа нуж дихъе рачIана халкъалъул пикругун. Нужер хIисабалда дун кколев вуго гьезул пикруго гьабуларев чилъун. Биччанте гьедин букIине. Аслияб жо, халкъалда лъала щай ва сундуе гIоло дица гьаб къеркьеялде байбихьарабали. Амма нужеда лъан букIа, дун – «халкъ балагьалде бачунев чи»,-ТIадегIанас ва хадусел наслабаз, меседил борхалъиялде вахинавизе вукIин. Халкъалъе лъикIлъи балагьулел ва дида данде чIарал нужеейин абуни гьез нагIана кьезе буго».

Халкъиял асаразулъ ГъазимухIамад вихьизавулев вуго цIакъ бахIарчияв, къуркьи гьечIев, дандиязда тIад рекъоларев чи хIисабалда. Хасго гьев тIад рекъолароан сверухъ ругезе кутакаб асар гьабизе гьунар бугев Гъазигъумекиса Асланханасда. Гьес рахIат



толароан хIатта Ярагъиясеги Гъазигъумекиса Жамалудиниеги. Гьединавлъун Аслахан вихьизавулев вуго «Ярагъияв вецщлъараб ва Гъумукъиясда мацI кIочон тараб куц» абулеб биценалда. Гьелда бицунеб буго, жиндаго аскIове ГъазимухIамад ахIун, Аслаханица гьесие бадибчIвай гьабунила мугIрузул гIадамазда гьоркьоб шаригIат тIибитIизабунилан. ГъазимухIамадица кьвараараб жаваб кьуна шаригIаталъул рахъ кквечIев къуватав ханасе.

«Гьенир аскIор рукIарал гIадамаз гIажаиблъи гьабуна ханасде данде чIараб ГъазимухIамадил кIалъаялда. Гьедин гьабизе лъиданиги кIолароан. Гьезие бокьун букIана имам чIезавизе, хIасил ккечIо. Муридаздехунги вуссун гьес нахъеги абуна: «Нуж щай гьасдаса хIинкъулел? Виччанте гьав хан вукIине, амма гьасда тIадги Аллагь вугевха».

Аслаханида квеш бихьана бадибчIвай. Гьев сихIкъотIун чIана, хIатта рекIелъ рештIана хIинкъи. Гьесда кIвечIо, цогидаб заманалда цогиязда гIадин, кквезеги ккун, ГъазимухIамадида кьабе,-ян жиндирго нукаразе буюрухъ кьезе.

ГъазимухIамадилъ букIана гипнозалъулаб къуват, живго витIараб букIиналда божилъи. Аслаханиде мугъги рехун имамас хьитал ретIунеб заманалда, «инсул цIаралда гьес абурал рагIабаз цции бахъинабурав Аслаханасул васас абуна: «Гьав гIамал кIодохъ гIенеккун рихье. Жеги киданиги жинде мугъ рехичIев дир инсуда гьас абуна гьвеялда абуларел рагIаби. ГIалим вукIинчIевани, дица гьасул бетIер къотIилаан».

«КъотIилаан Аллагьас изну кьуни»,-ян абуна гьесдехунги вуссун ГъазимухIамадица.

Къисас босичIого толарев ханас Ярагъиялдаса МухIамадида ва Гъазигъумекиса Жамалудинида лъазабуна ГъазимухIамад муридзабазда гьоркьоса нахъе рехеян ва кагътида хъван гьесда лъазабеян. Аслаханасул тIалаб тIубазабураб мехалъ Ярагъиясул кIиябго бер бецщлъана, Жамалудинил кIал-мацI ккуна. ГъазимухIамадида цебе гьабураб мунагьалъул хIасил гьеб букIин бичIчIарал кIудиял гIалимал цIакъ рекIекълъана, тIадегIанав Аллагьасда тIаса лъугьаян гьарана ва гьедана ГъазимухIамадихъе кагътал ритIиларилан. Гьеб параялда Ярагъиялдаса МухIамадида канлъи бихьана ва Жамалудин кIалъана. Гьеб мехалдаса нахъе гьезул ракIазулъ цIилъун бачIана имамасде бугеб, киданиги тIагIунареб, хасаб хIурмат ва рокьи, гьеб цIунун хутIана гьев хвезегIан. Аслаханица чIвазе бегьулилан ракIалде кканиги, гьез ритIухъаб куцалда ГъазимухIамадил рахъ ккуна.

Дир хIисабалда, гьеб бицен бижун батизе ккола ГъазимухIамадидаги Аслаханидаги ва Ярагъиялдаса МухIамадидаги Гъазигъумекиса Жамалудинидаги хурхарал лъугьа-бахъиназул кьучIалда. Генуса ХIасаниласул тарихияб къисаялдаги бицен гьабулеб буго тIадехун рехсараб асаралъул хIакъалъулъ.

ТIоцевесев имамасул гIумроялдаса росарал хIужабаз нугIлъи гьабулеб буго гьев гIадатияв гурев чи вукIиналъе. Гьес кIудияб асар гьабулаан сверухъ ругезе ва гьел мукIур гьарулаан жиндирго мурадазе. МагIаруллъиялда шаригIат щулалъараб мехалда ГъазимухIамадица сапар бухьана гIодоблъиялде – Магьди-Шамхаласухъе (Тарковскиясухъе) ва тIалаб гьабуна: «Дуда тIадаб буго дурго валияталда шаригIат тIибитIизабизе». Шамхал хъахIлъун вахъана, цIакъ хIинкъана ва гьаракь борхун ГъазимухIамадие жаваб кьезе кIвечIо.

-Гьабе, ГъазимухIамад. Дир валияталда бокьараб гьабе дуца, дицаги гьабила. Дир разилъиги изнуги буго дуе,-ян абуна Шамхалас.

Халкъиял асаразда ГъзимухIамадил сипат-сурат гьабулаго дандчIвала хIикмалъабазул художествалъулаб загьир гьабиги, Шамилил хадурккунисел бахIарчиял ишал цереккунго рихьиги. Масала, магIарулазул «ГъазимухIамадил макьу», «Дуда лъалебани Шамил щивали», «ГъазимухIамад ва Шамил» ва гь. ц. босани, «Дуда лъалебани Шамил щивали» абураб биценалда тIадчIей гьабулеб буго ГъазимухIамадил хIалкIолъиялда: «ГъазимухIамад дандчIвараб мехалда цо херай гIаданалъ гIарз бахъула мутагIилзабазда, хасго Шамилида тIасан. Жаваб хIисабалда ГъазимухIамадица гьелда абула: «Дуда лъалебани Шамил щивали ва гьесул букIинесеб!». «Щай дида гьеб лъалареб, лъикI лъала»,-абун рази гьечIого жаваб кьола чIужугIаданалъ,-гьев ккола нилъер Денгасул вас Шамил»

Цним бахъун ГъазимухIамадица абула: «Дуда бичIчIизегIан, ганчIида бичIчIила бицараб жо». Гьеб заманалда, гьесул рагIи ритIухъ гьабураб гIадин, тIохда букIараб ганчIил михир багъарана. Имамас ишан гьабидал гьеб чIана».

**Мисай ХАЛИДОВА,**
**Филологияламл гIелмабазул доктор, ДНЦялъул МацIазул, адабияталъул ва искусствоялъул аслиял гIелмияй хIалтIухъан.**

**(Хадусеб букIине буго)**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 45 (7549)
Хамиз
10 ноябрь 2022 сон

3 гьумер

**Садовод**

Страница в номере



Самое важное - правильное понимание

# Мавлид – благословенное новшество

Мусульмане первых веков никак не выделяли месяц Раби уль-Авваль среди прочих. Любовь к Пророку и память о его присутствии в мире была жива в мусульманской общине. Однако со временем люди стали забывать подробности его жизни и его учение, и, чтобы возродить эти знания, мусульманские правители и учёные сочли необходимым проведение в этом месяце особых мероприятий.

Итак, что такое мавлид? Имеет ли он историческую и каноническую обоснованность? Какая в нём польза? Доводов о пользе и дозволенности проведения мавлидов много, однако находятся те, кто пытается поставить это благословенное мероприятие под запрет, говоря, что это есть не что иное, как «бид'а», то есть новшество, что во времена Пророка и его сподвижников не проводили мавлиды. И в качестве довода приводят хадис Посланника Господа: «Каждое нововведение – заблуждение» (Абу Давуд). Мнения учёных о данном хадисе Имам ан-Навави говорит: «Этот хадис содержит общее понимание и указывает на те нововведения, которые не имеют доводов в религии и ранее не совершались. Поэтому учёные разделили нововведения на обязательные, желательные, дозволенные, нежелательные и запретные» («Шарх сахих уль-Муслим»). Хафиз ибн Хаджар аль-Аскаляни сказал: «Под словами "каждое новшество – это заблуждение" подразумевается то, что появилось в религии без общего или частного довода после того, как Пророк покинул этот мир. И если нововведение содержит благое, то это – желательное нововведение» («Фатх уль-Бари»). Что значит «хорошее новшество» (бид'а) Пророк указал на особые поклонения, определив конкретное время, место, ракааты и т. д. Утренняя молитва, например, установлена в конкретное время: с рассвета до восхода солнца, в два ракаата. Но предположим, что по какой-то причине вы решили добавить ещё один ракаат, оправдывая поступок поклонением Всевышнему. А кто-то решит изменить, к примеру, время молитвы, число земных поклонов, то это является запрещённым новшеством. Но если мы, руководствуясь общим велением читать зикр (поминание Господа) или произносить салават (благословение Пророка), без обозначения времени и места сами определим для себя время и место, например, после каждого намаза будем читать один джуз Корана или в определённый день дома будем произносить салават, то это не будет новшеством, так как это имеется в религии. Ибн Хаджар аль-Хайтами сказал: «Учёные сошлись в мнении о дозволенности хорошего новшества, и есть надежда на получение вознаграждения человеку, выполняющему это дело с благой целью. Таковыми являются: собрание текстов Корана в единую книгу (мусхаф), исламские учебные заведения, институты, издание богословских книг, исламские типографии, исламское телерадиовещание, газеты, исламские конференции, собрания для мавлидов, соболезнования посредством телеграммы, строительство минаретов для мечетей, поездка в хадж на автотранспорте и самолёте, изучение наук для разъяснения положений Ислама, таких как усуль (основы), фикх (законоведение), тафсир (толкование Корана), маан (риторика), мантик (логика), нахв (синтаксис), сарф (морфология), тасаввуф (тарикат), совершение коллективных намазов-таравих в месяце Рамадан, двукратное чтение азана для пятничного намаза, строительство каменных мечетей, украшенных орнаментом, и многое другое. Ведь всего этого не было во времена Пророка. Это появилось позже, в последующие столетия, в эпоху сподвижников Пророка, табиинов (тех, кто видел сподвижников) и имамов четырёх мазхабов (богословско-правовых школ). И они это всё одобряли, ввиду того, что это не противоречит Корану, хадисам и основам веры. Невольно возникает вопрос: разве сподвижники не слышали об этом хадисе: «Каждое нововведение – заблуждение»? Нет, конечно же, сподвижники лучше всех знали и понимали хадисы Пророка. Получается, что мы недостаточно изучаем свою религию и не до конца вникаем в смыслы благородных хадисов. О том, что человек получит награду за то, что ввёл подобное, Посланник Аллаhа в своём благородном хадисе сказал: «Тот, кто придумает в Исламе что-либо хорошее и полезное, получит воздаяние за это, а также за то, что совершали другие, следуя его примеру, при этом нисколько не умаляя их воздаяние» (Муслим, ат-Тирмизи). Итак, мавлид – это благословенный и радостный маджлис, где читают и слушают Коран, многократно произносят благословение Пророку, рассказывают о его благородной Сунне (хадисы), жизни (сира), в конце раздают угощения и обращаются с мольбой ко Всевышнему. Всевышний в достопочтимом Коране сказал (смысл комментария): «Скажи (им, о Мухаммад): "Пусть возрадуются (верующие) за щедрость и милость Аллаhа…"» (сура «Юнус», аят 58). Всевышний повелевает нам радоваться Его милости. А Пророк Мухаммад – наибольшая милость, ибо сам Создатель об этом сказал (смысл комментария): «И Мы отправили тебя (о Мухаммад) только как милость для миров (людей и джиннов)» (сура «Аль-Анбия», аят 107). О Всевышний, помоги нам достойно провести этот благословенный месяц, выражая радость по случаю рождения Пророка, проводя мавлиды, изучая и распространяя знания о лучшем из Твоих творений – Мухаммаде, Милости миров. Аминь!



**Абдулла Магомедов**

# Неисправные электрические розетки

Неисправные электрические розетки стали причиной более 2,2 тыс. пожаров в России с начала года

Одна искрящая розетка может привести не только к крупному пожару и утрате имущества в миллионы рублей, но и к человеческим жертвам! В текущем году произошло уже 46957 пожаров, возникших по причине нарушения правил устройства и эксплуатации электрооборудования. На этих пожарах погибло 1132 человека.

Существует отдельная статистика по различным приборам и устройствам, неисправность или неверная эксплуатация которых приводят к возгораниям. Например, неисправность электрических розеток стала причиной более 2,2 тыс. пожаров, более 1,2 тыс. пожаров произошло из-за бытовых отопительных (электронагревательных) приборов.

Неисправность бытовой техники также нередко становится причиной возгораний. Так, на счету холодильников – 849 пожаров, 694 пожара произошли из-за неисправных осветительных приборов. Одной из причин возгораний может являться и забытое в розетке зарядное устройство – в текущем году зарядные устройства стали причиной 355 пожаров.

Так, в г. Печоре Республике Коми именно оставленное в розетке зарядное устройство 16 октября привело к пожару в одной из квартир многоквартирного дома. Пожарно-спасательные подразделения прибыли к месту вызова в течение 6 минут. Площадь пожара составила 10 кв.м.

Короткое замыкание стало причиной пожара, охватившего 1 тыс. кв.м. оптово-розничного центра в Красноярске. На тушение ушло более 12 часов. В ликвидации было задействовано 87 человек и 33 единиц техники. К счастью, обошлось без пострадавших.

3 человека было спасено огнеборцами с помощью автолестницы при ликвидации пожара в г. Орле 3 июля. На момент прибытия пожарных, из окна шел густой дым, наблюдалось интенсивное горение. Всего на пожаре эвакуировано 23 человека, 7 спасено, из них двое детей. Огонь уничтожил часть жилой комнаты. Пострадавших нет. Причина пожара - аварийный режим работы электропроводки.

26 октября огнеборцы Кургана отстояли у огненной стихии два жилых дома и эвакуировали 3 газовых и 2 кислородных баллона, предотвратив возможные трагические последствия. На момент прибытия пожарных огонь охватил надворные постройки и гараж, расположенные под одной крышей. Огонь угрожал соседним домам и распространялся с молниеносной скоростью.

Локализовать пожар удалось на площади 150 кв.м. Причиной пожара явился недостаток конструкции и изготовления электрооборудования.

МЧС России напоминает: позаботьтесь о безопасности своих близких и имущества – используйте исправные электроприборы! Не используйте самодельные отопительные электроприборы, а ремонт устройств и проводки доверяйте только профессионалам. И не забывайте вытащить зарядные устройства из розеток!

# …ГIицIго рагъ букIунаребани!

**(Цо-цо балъго жо лъалез бицунеб букIана хасал заманаяз ккезе бегьулел ишазул. XXI гIасруялъе гIемерисеб мехалъ рекъел бихьизабун буго гьез)**

**«Чалмаби къарал гIадамаз жалго жидецаго гъуризе руго»**

Болгаразул цебеккунго жо лъалей гIадан Вангаца бихьизабулеб буго 20I4 соналдаса Россия тIадегIанлъизе, гьелъул къуват борхизе бугин. Европайин абуни гьаб гIасруялъул кIиабилеб анцIго сонида жаниб гьелда бихьулеб буго тIубангоялде гIагарун гIадамал жанир гьечIого. Гьелъие гIиллалъун бихьизабулеб буго ГIагараб Бакъбаккуда ккезе бугеб кIудияб рагъ.



Вангаца бичIчIизабулеб буго Ракьалде кIудияб космическияб жо бортизе бугин. Гьелъул тункиялъ ралъдал рагIаллъабазда ругел шагьарал лъадаца гъанкъизе ругин. Амма гIалимзабаз лъазабулеб буго гьал гIагарал саназ Ракьалде космосалдасан щибго жо бортиялъул хIинкъи гьечIин.



Французазул врач, балъго жо лъалебин абулев Мишель Нострадамусица цIодорлъи гьабеян абеялъе гIоло бихьизабулеб буго гьеб заманаялъ гIадамазе къварилъи ккезе бугин «уничтожительниял лучабаз», амма гьенибго бихьизабулеб буго Россия тIегьай бачIунеб заман бугинги.

«Къварилъабаз цолъизабураб халкъ цогояб мурадгин тIегьаялде ва ханлъиялде ина, ай бачина». Абула «чалмаби къараз ццидакье жалго жидецаго гъуриялъулги». Къеркьеязде гъорлъе лъугьина гIемерал улкаби. Гьелъул хIасиллъун ккела «севериял ракьаздаса» гIадамал югалде гочин. Гьединго Нострадамусица Европаялъе бихьизабуна чIахIиял цIадал рай, Россиялъе - рохьал рухIи.

**ТIад вугес кумек гьабила**

Матрона Московскаялъ



бихьизабуна 20I0 соназул кIиабилеб бащалъиялда Россия цIидасанги православнияб вераялде буссинин, ТIадегIанас гьел рехун теларин. Дунялалде рачIина гIемерал балагьал ва хIалбихьиял, рагъул; цIаял ккей, лъеца бакIал гъанкъи. ГIицIго хIинкъи гьечIеб бакI букIина Святая Русь.

Гьединго Лаврентий Черноговскияс ва Серафим Саровскияс божун абулеб буго XXI гIасруялде Россияги славяналъул халкъалги цолъилин. Америкаялдаса Эдгар Кейсица бихьизабулеб буго «Россиялдасан дунялалде бачIинин гIумроялде божи, коммунистал-большевиказдасан гуреб, эркенаб Россиялдасан»,-абун, ай бихьизабулеб буго гIицIго динияб цебетIеялдасан щвелин халкъазе рекъел»,-абун.

**ГIурусаз кквела Турция**

Грециялъул херав Пажий Светогорец гьедана гIурусаз бахъилин Турция, гьеб картаялдаса тIагIине бугелъулха, щайгурелъул цо бутIа гьабун лъабго бутIаялъ гьез босизе буго христианство, цо бутIа ина Месопотамиялде. Гьоркьохъеб Восток лъугьинин рагъул аренаялъун, гьенир гIахьаллъила гIурусалги. Китаялъулалгицин рачIина кIинусазарго чи вугеб армиягун Иерусалималде. Гьел ишал лъугьиналъе примета буго гьал ахириял лъугьа-бахъинал, Иерусалималда ГIумарил мажгит чIунтизабила. Гьеб биххизабиялда хадуб рукIалиде ккезабила Саламонил храм, гьеб бакIалда цебе букIараб». Пажи «Святогориялъул» пикруялда рекъон гIурусал рагьила Европаялъулалгун, тIела гIемерал биял. Амма бергьенлъи босила Россиялъ, Константинополь ккела Грециялъухъе.

ГIаламалда тIад чIела гьабизе жо тIагIин, ккела рескъотIуде, лъугьина Евангелия ва Писания лъазабизе. Гьебго заманалда антихристалъулаз бачина ва гьезухъе щвела цогояб экономикияб система, гьез хъаравуллъи гьабила тIолабго дунялалъул гIумруялда тIад. Амма гьебги биххила унго-унгоял хIакъикъияв Аллагьасул хIалкIолъиялъ.

**(Интернеталдаса босараб)**

# Поэзиялъулъ - рагъул тема

**Жакъа нижеца рагIи кьолеб буго ЦIатIанихъ росулъа учительница ПатIимат ХIажиевалъе. Гьей росдал школалда хIалтIана 50 соналъ, ай гIун бачIунеб гIел битIараб гIумруялде куцаялъе кьуна гIумро.**

**ГьабсагIаталда ПатIиматица тарбия-лъай кьурав анкьго учитель хIалтIулев вуго гIагараб школалда учительзабилъун. Абизе бегьула гIадан битIараб нухде ккезавиялъе ПатIиматил кIудияб махщел бугин.**

**П. ХIажиевалъ гьарула кучIдулги. Гьел руго росдал тарихалда, гIумрояшавалда, лъималазда рухьарал. Жакъа нижеца гъоркьехун кьолел руго гьелъ хъвараб кIиго кечI.**

## РитIухълъи ракьалда букъун чIоларо

**Жиндирго пикруялда,**
**Нахъ гIунтIуларев инсан,**
**Аралъ туманкIги речIчIун**
**Ракьалде мигьлъун уна.**
ГIинтIирагIал мугIрул ракьанда бугеб
Хьиндал кIкIалабахъе рагьараб гордо,
Дур кьурул сирталда согIго къвалги бан,
Къанщана курсантал абадиялъе.
Москвалъул курсаз куцан ритIарал,
КинабгIаги хъублъи нахъе бацIцIине,
ХъахIал бандитазул боялгун къеркьон
Дир гIагарал мугIрул эркен гьаризе.

Гьале лъугIун гьечIо жакъа къоялъги,
Къадарлъи ракьалда бекьулел чагIи,
Къунел руго «иццал» Украиналда,
Унел руго васал бисазул нухккун.
Щибдай хIажат бугеб, бакъулаб дунял,
Дур кеп босуларел бандеровцазе?!
Щайдай бичIчIулареб, дуда Зеленский,
РитIухълъи ракьалда букъун чIолареб.
Араб гIасруялъул нилъер курсантал,
Жакъа къвекIал цIумаз нуж хисун руго.
Холареб гьаги бан, ВатIан цIунулел,
ЦIадулаб агьлугун къеркьолел руго.

## Щолеб лъарабани...

(БегIераб махсаро)

Огь, букIарабани дир ГIарахъ мегIер
Донбасс, Кузбасс гIадаб керенги бугеб,
Кирего инчIого тIурччиги бахъун
ТIобитIизе хасел хинаб печрокъоб.
Мугъзада нахъасан хъвалисун унеб
ХъахIилаб газалде хьулищ букIараб?
Яги рии щведал щибго кIочон тун
«Щварал хинал къояз кечIищ ахIараб»?
Бесдалэбелалъул хинкIгIан тIеренаб
Чирахъал ракулеб канлъи тIокIаб ток,
ГIарац бакIари тун пайда дулъ гьечIин

Дуцайищ гуккараб росдал жамагIат.
ГIинцIи къотIилаан, къеда чIвалаан
МачIаби ралаан чIегIераб ракул,
Антрацит кIочон тун, дуде кIвар кьедал
Сибиралъул гIери, щай ниж гуккарал?
Хвелев лъаравани херлъарав эмен
ЦIамухъ вичилаан чурпилъе базе,
Щвелеб лъарабани цIорораб хасел
Хинал улкабазде йоржун инаан.

**ПатIимат ХIажиева**

## ЦIуне ВатIан

ХIинкъи чорхолъ гьечIел чармилал васал
Чармил кьурабаца куцарал тIанчIи,
ТIогьолаб гIумрудул Шамилил наслу
ГIасрабаз рехсарал бахIарчияб халкъ.
БахIарчилъиялъул цIар тIибитIараб
ЦIуне нужецаги нилъерго ВатIан,
ЦIадулъе инеги нахъе къаларел
Къуркьуге вореги тушманасдаса.
ШайтIаналъул наслу, нич тIагIараб халкъ
Хвалда хадур ругин нилъехъе рачIун,
РечIчIулеб гуллида нуж барахщуге
КъотIулел гарбазда гурхIел гьабуге!

* * *

Нилъер улкаялъул зигара бугин
Заманаялъ гуккун чIунищ нуж ругел,
ЧIегIерав тушманас баханин гIорхъи
ГIолохъаби рахъа жаваб гьабизе.
Жакъа кьалда ругел нужер кьерилал
Кьоге тушманасухъ, рахъа хIалае,
Гьаюрай эбелги, эбелаб ракьги
Биччаге зуризе залимзабаца.
ХIукму Аллагьасин нилъей къотIулеб
Къо тIагIун гьечIев чи тIад вуссуневин,
Хвелги бахIарчияб беццараблъидал
Бихьинчиясул цIар цIуне вореги!

## ДугIа гьабила

Гьанже рахъа къватIир, къвекIал дир цIумал
ЦIадулаб рагъулъе ярагъги борчун,
Бухье воре сапар сабруялдалъун
Салаватги битIун, Аллагьги рехсон.
ЦIиркъие чанги къан чакъалабаца
Чара толеб гьечIин нилъер ракьалъе.
Чудкил гIамал бугев «гIурччинасул» халкъ
Хвалие гъун ругин, гъури бай гьезда!
ГIадалав Байденил политикаялъ
ЦIадулаб рагъулъе цIан бугин улка,
ЦIа рекIун рухIаял бандеровцазул
Би букарун бугин, биччай гIодобе.
Нилъер умумаца рухI кьун цIунараб
ЦIар берцинаб ВатIан ккве нужецаги,
Каранлъ ракI къвакIарал дир гIолохъаби
ГIорхъи бахинабе гьел тушбабазда.
Ракълилаб гурони мацI лъаларезда
ЛъачIебани щибан рагъулаб кьогIлъи,
Эркенаб гIумроялъ реэдаразда
ГIайиб гуребанищ кьвагьи рагIизе.
Нуха нужги регIун, рокъор хутIарал
Харабаца нужей гьабила дугIа,
Дугъица цIад гIадин цIадулаб гулла
Гарбилъ речIчIаниги гъорлъ къаларедухъ.

**Суайбат ХIАМЗАТОВА.**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Газета основана 1937 г.<br><br>УЧРЕДИТЕЛЬ:<br>Администрация<br>Унцукульского района<br><br>Главный редактор<br><br>КЕБЕДМАГОМЕДОВА<br>САНИЯТ<br>КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД<br><br>Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.<br><br>Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции:<br>51373<br>Унцукульский район<br>п. Шамилькала<br>ул. М. Дахадаева 3<br>Телефон редактора<br>89896522856<br>sadovoduns@yandex.ru<br>398940 | Адрес издателя и типографии<br>г. Махачкала<br>«Дом печати» ул. Акушинского 21<br><br>Подписано в печать - 9.11. 2022 г.<br>16. 50<br>фактически -17. 45 мин.<br>........................................<br>Газета выходит 52 раз в год<br>на аварском и русском языках<br>Тираж - 988 экз. |